



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DISKOU YO JAN YO TE PREPARE L LA: GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL PWONONSE
DISKOU SOU SITIYASYON ETA 2022 A**

***Agenda "Nouvo Epòk pou New York la" gen 228 inisyativ solid pou relanse retou
New York***

***Plan swen sante ki koute 10 milya dola pral rekonstwi ak ogmante mendèv, bay
travayè yo peman dirèk***

***Gwo refòm etik yo pral limite Ofisyèl eli yo nan tout eta a de manda, entèdi revni
eksteryè epi ranplase JCOPE ak yon nouvo ajans etik endepandan***

***Plan sovtaaj milya dola pral ede ti biznis yo rekanpe, soulajman fiska pou klas
mwayèn pral leve plizyè milyon Nouyòkè yo***

***Investisman enfrastrikti pral elaji transpò piblik nan Vil New York epi dirije
nasyon an nan aksyon klimatik***

Liv Diskou sou sitiyasyon Eta a disponib [la a](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te pwononse Diskou sou sitiyasyon Eta 2022 li a ki te dekri plan li pou Yon Nouvèl Epòk pou New York. Nan diskou a, Gouvènè Hochul te dekri nèf eleman kle nan ajanda li a: rekonstwi ekonomi swen sante nou an, pwoteje sekirite piblik ak pran mezi solid kont vyolans ak zam, investi nan pèp New York la, investi nan kominote New York yo, fè sistèm lojman New York la pi abòdab, ekitab, epi pi estab, fè New York yon lidè nasyonal nan aksyon klimatik ak djòb vèt, rekonstwi mendèv pwofesèl New York la ak re-imagine edikasyon siperyè, avanse plas New York kòm yon modèl ekite nasyonal, epi fè refòm enpòtan pou retabli konfyans Nouyòkè yo nan gouvènman an.

Diskou Gouvènè a yo jan yo prepare a disponib anba a:

Mèsi, Gouvènè Adjwen. Ou te fè yon travay eksepsyonèl nan yon ti kras tan konsa e mwen fyè pou m genyen ou bò kote m pandan n ap sèvi pèp New York la.

Mwen vle remèsye patnè mwen yo ki nan gouvènman an tou. Kontwolè Eta Tom DiNapoli, Pwokirè Jeneral Eta a Tish James, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-

Cousins, Lidè Majorite Asanble a Crystal Peoples-Stokes, e mwen espere Prezidan Asanble a Carl Heastie retabli byento.

Epi mèsì a Pastè Soloman Dees ak Allie Navarette, paske yo te reprezante Eskout Fi (Girl Scouts) yo tèlman byen.

Pandan mwen kanpe devan nou, mwen byen konnen siyifikasyon moman sa a: premye fwa nan istwa New York ke yon fanm ap bay diskou anyèl sa a. Men, mwen pa te vin isit la pou fè istwa. Mwen te vini pou fè ladiferans

Pou asire w, mwen gen yon gwo respè pou pase remakab Eta nou an. Epi n ap onore li lè nou reyini nan bèl Chanm Asanble sa a, kad orijinal ak lejitim li, ansanm ak lidè eli yo, ki mete tèt yo ansanm pou sèvi piblik la.

Mwen renmen site yon ansyen manm kò sa a, epi ki yon fwa te Gouvènè, Teddy Roosevelt, ki te deklare: "Se pa kritik la ki konte, kredi a apatyan ak gason - oswa, nou ta di, ak fanm - ki reyèlman oze gwo bagay."

Pou kòlèg ak patnè mwen yo nan gouvènman an, pandan twò lontan, branch Egzekitif ak Lejislatif Albany yo t ap goumen youn ak lòt nan arèn sa a. Sa fini. Sa fini kounye a.

Sa m ap pwopoze se yon Nouvèl Epòk konplè pou New York. Epòk Gouvènè yo ki pa respekte wòl legal lejislati sa a fini. Epòk Gouvènè New York ak Majistra Vil New York yo t ap pèdi tan nan ti rivalite yo fini. Epòk Nouyòkè yo ki t ap poze kesyon si gouvènman yo reyèlman ap travay pou yo fini.

Epi epòk twa gason nan yon chanm klèman fini - jis mande Lidè Majorite a.

Nou konnen ke fanm yo toujou kenbe yon nivo estanda ki pi wo. Kidonk, mwen konnen ke mwen pa dwe jis satisfè men depase atant pou sa a pa vin yon reyalizasyon istorik ankò men pito yon bagay ki nòmal. Kidonk, nou pral fè bagay sa yo yon lòt jan. Depi kounye a: nou pral pataje siksè. Nou pral jwenn yon tèren dantant. Nou pral retabli konfyans nan gouvènman sa a, paske li te detwi depi twò lontan. Epi nou pral goumen yon fason fawouch - pa pou teritwa pa pou kredi - men pou Nouyòkè yo.

Mwen deja fyè pou m kanpe ak manm lejislati sa a, pou m te siyen plis pase **400** pwojè lwa w yo an lwa depi septanm. Epi nou apèn Kòmanse.

Nouyòkè yo bezwen èd tout moun nan sal sa a pou yo aadopte yon ajanda anbisye. Youn ki reponn ak pandemi Covid-19 la, men tou ki rebati swen sante nou yo ak mendèv pwofesè yo, bay soulajman fiskal bay moun ki plis bezwen li, akselere kwasans ekonomik ak kreye djòb klas mwayèn ki byen peye, ranfòse enfrastrikti nou yo ak konfwonte chanjman klimatik la, garanti sekirite piblik, rann lojman pi abòdab, asire chak Nouyòkè gen yon twati kay sou tèt yo epi li adopte refòm solid pou gouvènman Eta nou an.

Konpatriyòt Nouyòkè mwen yo: Ajanda sa se pou nou.

Yo byen analize chak inisyativ sou ki jan li pral ede ou ak fanmi ou. Mwen konnen nou fatige, mwen konnen nou vle pandemi sa a fini, mwen konnen nou enkyete pou ekonomi an, enflasyon, timoun nou yo ak edikasyon pa yo ak sa lavni pral pote.

Nou te andire anpil difikilte pandan de ane pase sa yo. Nou te antere moun nou renmen yo, nou te fè fas ak chanjman sismik nan lavi kotidyen nou epi nou te rate anpil etap enpòtan nan lavi a - jou ferye, maryaj, gradyasyon, nesans yon pitit pitit.

Te gen anpil pèt - twòp moun pèdi lavi yo, epi nou pèdi twòp espwa ak rèv nou yo. Epi kounyeya, jis nan moman nou te panse nou t ap pase kap la, gen yon nouvo varyant. Lòt ogmantasyon nan ka yo. Se kòm si se yon bagay ke nou deja eksperimente

E mwen konnen nou tout ap poze kesyon: Eske nou pral janm travèse sa a?

Wi. Nou pral travèse li.

Nou se Nouyòkè. Nou te frappe deja. Yo te ekskli nou. Epi an repons, nou pa janm manke defye pwobabilite yo epi atenn nouvo somè.

New York toujou leve kanpe anba moman difisil. Se poutèt sa mwen kwè ke sa a se pa yon moman dezespwa, men yon moman nan gwo posibilite. Paske, pandan nou nan mitan yon kriz devoran, nou dwe sonje tou ke si nou fè bon chwa yo, li pral pran fen kounye a.

Men, anvan sa nou dwe afwonte tanpèt ki bò kote nou an. Sa vle di kontwole viris sa a epi pa kite li kontwole nou.

Lè m te antre an fonksyon, nou te aplike imedyatman yon plan pandemi konplè epi nou te kontinye adapte pliske nouvo varyant yo tankou Omikwon deja emèje. N ap fè tout sa nou kapab pou nou kenbe Nouyòkè yo an sante: fikse politik ki fè to vaksinasyon nou an vin youn to ki pi wo nan peyi a, aktive yon operasyon estil militè ak sit vaksinasyon ak tès, deplwaye Gad Nasyonal la nan lopital ak mezon retrèt nou yo ak voye 37 milyon tès atravè eta a.

Pandan vag ivènal sa a, tout atansyon nou konsantre sou kenbe timoun nou yo lekòl, biznis ouvè ak lavi Nouyòkè yo nòmal jan sa posib.

Nou ap atake viris sa a tèt pou tèt, ame ak yon apwòch taktik, ki baze sou syans epi nou pare pou tout sa k ap vini apre.

Men, kòm nou tout konnen twò byen, sa a plis pase yon kriz sante piblik. Kounye a nou bezwen sipòte moun yo, kote yo ak endistri yo ki pi frappe yo kòmanse ak Nouyòkè yo ki te nan devan liy yo depi premye jou a.

Pandan premye mwa terib sa yo, pandan ke anpil moun te akwoupi lakay yo, travayè swen sante nou yo ak premye sekouris yo te prezan, jou apre jou, nwit apre nwit, doub peryòd travay apre doub peryòd travay, mete lavi yo sou liy lan pou sove lòt moun.

Yo non sèlman fatige fizikman - yo fatige emosyonèlman tou. Mwen te wè sa nan je yo, nan lopital depi Buffalo rive Potsdam jis semèn pase a.

Fatig sa a ansanm ak mank pèsònèl ki te deja egziste, te lakòz yon kriz. Nou tou senpleman pa gen ase travayè swen sante nan lopital nou yo oswa nan etablisman swen alontèm nou yo nan anbilans nou yo oswa nan kay moun nou renmen yo.

Sante chak Nouyòkè depann de yon sistèm swen sante ki solid, ki estab ak ekitab, epi travayè swen sante yo se vrè fondasyon li. Aksyon solid obligatwa - anvan plis tan pase.

Premyèman, nou dwe sispann emoraji aktyèl travayè swen sante yo epi nou pral fè li non sèlman lè nou DI nou dwe yo yon dèt rekonesans men reyèlman PEYE yo dèt nou dwe a, kòmanse ak yon bonis retansyon ki rive jiska 3,000 pou travayè swen sante ak swen dirèk mou yo epi nou pral mennen pi gwo salè atravè mendèv swen sante a, kidonk moun k ap fè travay Bondye isit la sou tè a pa fè sa ankò pou salè minimòm.

Anplis salè, nou pral rann li pi fasil pou doktè ak enfimyè ki soti nan lòt Eta yo pratike ak lisans pa yo ki egziste deja isit la nan New York. Nou pral elaji kapasite enstitisyon medikal nou yo pou plis etidyan ka fòme pou travay nan swen sante ki gen anpil demann, epi n ap rann li posib pou yo jwenn fòmasyon sa a ak ekolaj ak bous gratis si yo rete la apre yo fin gradye.

Yon pandemi ki inik mande yon repons ki inik:

Se poutèt sa m ap fikse yon objektif anbisyè pou ogmante mendèv swen sante nou an de 20% pandan senk ane k ap vini yo. Epi nou pral fè pi gwo investisman nan swen sante nan istwa Eta a, 10 milya dola. Pandan n ap ranfòse mendèv swen sante ki fatige jis nan zo nou yo, nou konnen yo pa sèlman ewo pandemi an.

Mwen rekonesan anpil anvè lidè konte yo, sirentandan lekòl yo, administratè yo, paran yo ak pwofesè yo dèske yo travay kole avèk nou pou fè timoun yo tounen lekòl semèn sa a.

Wòl yon pwofesè se iranplasab nan lavi yon timoun epi kòm de ane ki sot pase yo te matele lakay yo, yo ap iranplasab nan lavi yon paran, tou.

Kòm yon manman, mwen konnen sa a pèsònèlman. Mendèv sa a bay estrès ak twòp travay. Kidonk, nou pral ogmante efò pou rekrute ak kenbe pwofesè yo - avèk fòmasyon ak sipò ki pi efikas, sètifika ki pi rapid ak pi fasil, ak yon filyè ak nivo karyè ki pi solid.

Epi nou pral ajoute plis pwofesyonèl sante mantal nan lekòl yo pou geri blesi yo te enflije pandan izolman aprantisaj adistans lan. Gen lòt ki ap souffri tou. Fanmi yo, pwopriyetè ti biznis yo, fèmme - yo tout bezwen èd nou. Yo bezwen li kounye a epi yo pral jwenn li.

Nou pral akselere yon rediksyon taks 1.2 milya dola ki te pwograme okòmansman pou antre an vigè ant kounye a ak 2025, pou tout bagay rive pi bonè. Sa vle di plis pase 6 milyon kontribiyab klas mwayèn yo ap jwenn plis lajan nan pòch yo pi bonè nan yon moman kote enflasyon an ap vòlè nenpòt pwogrè yo fè nan revni.

Pou ede ak taks sou pwopriyete yo, nou pral bay yon rabè 1 milya dola taks sou pwopriyete klas mwayèn pou plis pase 2 milyon pwopriyetè kay. Epi pou ede paran yo retounen travay, nou pral elaji aksè ak gadri abòdab pou 100,000 lòt fanmi k ap travay epi investi 75 milyon dola nan salè travayè gadri yo.

Nou pral bay tou 100 milyon dola nan soulajman ki nesèsè pou prèske 200,000 ti biznis, pou kenbe pòt yo louvri epi afwonte sa kèk mwa k ap vini yo pral pote. Biznis sa yo se motè ekonomik ti vil yo ak gwo vil yo, se yo ki fè kominote nou yo inik epi ki ba yo pèsonalite.

Mwen ta dwe konnen, mwen te achte ak manje nan restoran nan pifò ladan yo.

Mwen te ede manman m tou ouvri yon magazen flè epi sè m nan kòmansman yon ti konpayi teknoloji, kidonk mwen konnen pèsònèlman ki jan li difisil. Mwen konnen risk pwopriyete yo ak antreprenè yo pran, ak baryè fanm yo rankontre. Kidonk, anpil ti biznis yo te rive nan yon pwen katastwofik. Plizyè milye ba ak restoran - ki se nanm katye nou yo - te oblije fèmen.

Pou lòt moun, travèse yon moman danjere, siviv depann de si yo ka kreye plis espas eksteryè, yon tach ki difisil pandan sezon ivènal New York nou an. Pou ede konpanse depans sa yo, nou pral bay yon kredi taks pou acha ki gen rapò ak COVID, tankou aparèy chofaj eksteryè ak chèz. Epi nou pral fè tou yon bagay ke ba yo ak restoran yo te mande pou yon lòt fwa ankò pèmèt yo vann bwason pou moun pote ale - yon kouran revni enpòtan pandan tan sabatik ane pase a.

Bravo, New York

Fèmme yo ki apwovizyone kwizin restoran yo - ak pwòp pa nou yo - bezwen yon kout men tou. Mwen te vizite fèm soti nan Konte Genesee rive nan North Fork nan Long Island, epi lavi a difisil, menm nan bon ane yo. Kidonk, nou pral sipòte yo atravè yon kredi taks pou èdtan siplemantè yo ap peye, yon ogmantasyon nan Kredi Taks pou Envestisman ak yon ekstansyon ak doub Kredi Retansyon Mendèv Agrikòl.

Sa a pral kòmansman tou abòde mank mendèv ke anpil fèm ap lite avèk li.

Se konsa nou pral kòmanse ede travayè swen sante yo, edikatè yo, ti biznis yo, fèm ak fanmi yo fè fas ak enpak ekonomik devastatè COVID yo.

Men, odela pandemi an, ajanda mwen an reflekte kwayans mwen ke nou pa ka kite viris la kenbe nou tèlman sere jis li anpeche nou panse pou lavni. Dezire yon senp retou nan mond an ak estil lavi apre pandemi nou an ta non sèlman timid epi san imajinasyon. Li ta inyore istwa nou epi ale kont tout sa ki fè New York, New York.

Si nou pa ka anbrase posiblite ki soti nan moman tankou sa yo, lè sa a nou pa respekte eritaj Nouyòkè odasye ak vizyonè ki te vin anvan nou yo.

Pòtre Franklin Roosevelt ki pandye anwo manto rezidans Gouvènè a raple mwen chak jou kisa lidèchip pandan yon kriz ye. Premyeman kòm Gouvènè, ak apre kòm Prezidan, FDR literalman te rebati ekonomi an soti a zewo apre krach 1929 la. Plis pase bay moun travay, li te bay moun espwa.

Politik New Deal li a pa te jis ede fanmi ki te pèdi tout bagay, yo te ankouraje plizyè deseni kwasans ekonomik ak nesans klas mwayèn nan. Yon lòt fwa ankò, li te konsantre sou tanpèt ki t ap siyone bò kote li, men kenbe yon je sou orizon an, toujou planifye pou jounen an lè nwaj yo ta separe.

Se egzakteman sa ke nou ap fè kounye a. Pandemi sa a pa t kreye tout pwoblèm n ap rankontre jodi a. Li te senpleman fòse nou kanpe devan yon miwa epi wè brizman yo nan sosyete nou an ki te twò fasil pou inyore anvan. Kriz sa a te kreye yon opòtinite pou redefini tèt nou - epi nou dwe anbrase li.

Men, pandan n ap antre nan Nouvo Epòk sa a pou Eta nou an, nou bezwen gade byen nan miwa sa a epi fè fas ak reyaltite difisil yo. Tankou lefèt ke 300,000 Nouyòkè te kite Eta nou an ane pase. Sa a se pi gwo bès popilasyon an nan NENPÒT Eta nan nasyon an, yon son alam ke nou pa ka inyore. Pou moun ki te kite tanporèman akòz pandemi an oswa ki ap eseye deside pwochen etap yo pandan tan ensèten sa yo, mwen gen yon mesaj: ou pa t ap vle rate sa ki pral rive apre.

Kounye a, an tan reyèl, n ap konstwi yon nouvo New York ki merite talan w ak anbisyon w yo. Nou pral rekòmanse rekiperasyon ekonomik nou an lè nou vin Eta ki pi pratik pou biznis ak travayè nan nasyon an.

Pou atire moun ak biznis yo, n ap investi plizyè milyon dola pou transfòme abalavil vil nou yo an leman pou nouvo djòb ak nouvo opòtinite epi pozisyon alafwa eritaj ak endistri k ap emèje pou fè siksè.

New York se deja lakay kèk pami endistri ki pi enpòtan nan mond lan. Finans, magazen ki vann an detay, swen sante, teknoloji, mòd, amizman, jis pou m site sa yo sèlman.

Men gen anpil espas pou kwasans. Plis sit ki pare pou konstriksyon pou nouvo manifakti ak depo, amelyorasyon nan enfrastrikti machandiz nou yo ak envèstisman

nan teknoloji ki pral bay travay alavni an. Epi nou pral asire nou gen yon mendèv ki fòm pou antre nan travay sa yo.

Se poutèt sa nou pral investi avèk entelijans ak estrateji nan pwogram devlopman mendèv ki tou senpleman vle di koresponn moun ak fòmasyon, ak travay.

Mwen konnen demann lan fò. Nan chak pami plizyè milye espas travay mwen te vizite, plent inivèsèl la se paske yo pa gen ase travayè ki resevwa fòmasyon. Chak kote, se menm bagay la.

Se poutèt sa nou pral rekòmanse Biwo Devlopman Mendèv nou an, loje li nan Devlopman Empire State la pou nou kapab konstwi patenarya ki pi solid ak anplwayè yo epi deplase finansman atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) nou yo pou nou devlope pwogram ki fòm moun pou travay ki reyèlman gen demann nan diferan pati nan Eta a.

Epi fason ki pi entelijan pou fè li se fè distri lekòl yo, kolèj kominotè yo, SUNY ak CUNY yo tout konsantre sou menm objektif yo.

Nou pral ankouraje siksè, lè nou asosye yon pati nan finansman mendèv ak to plasman travay ki wo. Nou pral tou rann li pi fasil pou kalifye kòm yon MWBE, pou tout moun ka gen aksè ak opòtinite. Li se yon apwòch bon sans, ki sipòte pa yon nivo finansman estrawòdinè. Epi li pral ede dinamize ekonomi nou an.

Objektif nou se pou New York rekonèt nasyonalman kòm kote ki grandi epi ki atire talan an - epi biznis yo pral swiv li. E pou biznis yo reyisi, yo bezwen yon mendèv ki byen fòm ak edike.

Mwen kwè pwofondman ke pa gen anyen ki gen plis valè pase edikasyon ak fòmasyon nan sa ki gen pou wè ak debloke opòtinite ak pwosperite. Li chanje lavi, atravè anpil jenerasyon.

Mwen konnen sa edikasyon te fè pou sikonstans pwòp fanmi mwen yo. Granparan mwen yo te kouri kite lland lè yo te adolesan paske yo pa te gen anyen - yo te pòv, san okenn endis opòtinite nan peyi lakay yo. Granpapa m te vin tounen yon travayè agrikòl migran nan jaden Sid Dakota, answit li menm ak granmè te travayè domestik e answit, tout bagay te chanje lè li te tande gen gwo travay nan yon kote ki rele Buffalo, New York nan izin asye Bethlehem lan.

Granmè mwen te jwenn yon travay nan Bell Aerospace, li te fè pyès pou avyon nou yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la. Sa a se te tikè lavi a ke yo te vin chèche a.

Men, sa ki vrèman te transfòm fanmi mwen se lefèt ke papa m te kapab atenn yon diplòm kolèj - nan lannwit, pandan l ap travay lajounen nan izin asye a menm jan ak papa li.

Si li pa te franchi etap sa a, epi investi nan pwòp edikasyon li, mwen t ap viv yon lavi ki trè diferan jodi a. Tout fanmi mwen t ap nan menm sitiyaasyon an. Se poutèt sa mwen konsantre konsa sou agrandi opòtinite edikatif, kòmanse nan rann pwogram asistans ekolaj Eta a disponib pou etidyan a tan pasyèl yo.

Mwen kwè ke SUNY ak CUNY se motè mobilite sosyal epi yo toujou gen potansyèl ki pa eksplwate ki bezwen explwate ak libere.

Kidonk, jodi a, m ap dekri yon vizyon pou fè SUNY vin pi bon sistèm edikasyon siperyè piblik nan tout eta a nan nasyon an. Ki jan? Rekrute pwofesè klas mondyal, kreye enstitisyon prensipal nan Stony Brook ak University at Buffalo, investi plis nan etablisman rechèch prensipal nou yo nan Binghamton ak Albany, apiye sou fòs kolèj konplè kat ane nou yo, kolèj teknoloji nou yo ak kolèj kominote nou yo, mete gadri nan chak kanpis, ogmante enskripsyon pou 500,000 elèv dis 2030, fè SUNY yon lidè nasyonal sou ekite, ogmante kantite ak divèsite moun nan chak kominote ki gen diplòm ak kalifikasyon ki lanse karyè klas mwayèn ak asire ke kanpis SUNY yo estimile kwasans ekonomik nan kominote ki ozalantou yo.

Pandan n ap amelyore enstitisyon edikasyon siperyè nou yo nan tout Eta a, nou rekonèt tou gen popilasyon ki risk ozabwa sof si nou vize fòmasyon pwofesyonèl ak opòtinite edikasyon pou yo tou.

Pa egzanp, nou konnen ke moun ki nan prizon ki patisipe nan pwogram edikasyon koreksyonèl yo gen mwens chans pou yo residive epi yo gen 13 fwa plis chans pou yo jwenn travay apre yo retounen lakay yo.

Rezilta sa a benefisye ansyen anplwayè ki te nan prizon yo ki te bezwen travayè yo ki se kontribyab Eta New York - epi se sa ki bon pou nou fè.

Se konsa jodi a mwen anonse yon nouvo inisyativ "Soti nan Prizon ale Travay" (Jails-to-Jobs), pou moun ki nan prizon yo gen sipò yo bezwen pou jwenn travay pandan y ap reyentegre. Nou pral retabli tou Pwogram Asistans pou Frè Eskolarite a pou moun ki nan prizon yo—sa k ap mete fen nan yon entèdiksyon 30 ane.

Kòm n ap kreye opòtinite ekonomik nan chak sektè, gen yon endistri ki pral travay 24 sou 24 pou ane k ap vini yo, zanmi m yo nan metye konstriksyon yo, k ap bati enfrastrikti tankou sa ke nou pa janm te wè anvan.

Enfrastrikti ka vle di diferan bagay pou diferan moun. Pou mwen, li enteresan paske li se yon zafè kreye koneksyon. Konekte katye yo, konekte moun yo ak travay epi konekte moun ak fanmi yo.

Enfrastrikti ki pa respekte estanda ka vle di vwayaj ki long, pèdi tan nan fanmi an, menm rate lè pou yon timoun ale dòmi. Tan ou pase nan yon atelye reparasyon kawotchou apre ou fin frape nan yon twou ajoute plis estrès pase sa nenpòt moun

bezwen. Se poutèt sa mwen konsidere konstriksyon ak amelyore enfrastrikti nou an kòm yon pwoblèm kalite lavi.

Nan mwa novanm, mwen te kanpe ak ansyen kòlèg mwen yo nan Kongrè a sou gazon Mezon Blanch lan lè Prezidan Biden te siyen pwojè lwa enfrastrikti istorik la, ki te ban nou yon chans inik nan yon syèk pou envesti.

Nou pa ka kite moman sa a echape, epi nou pa pral kite li.

Nouyòkè yo mande sa ki pi bon e se egzateman sa yo pral jwenn. Jis gade sa administrasyon mwen an te deja anonse nan kat mwa ki sot pase yo.

Nou pral finalman transfòme Penn Station an yon etablisman klas mondyal ke Vil nou an merite, asire ke Pwojè Pòtay la finalman ap avanse, bay amelyorasyon ke yo t ap tann depi lontan nan ayewopò LaGuardia ak JFK, epi fini Metwo 2nd Avenue an pou konekte East Harlem ak travay.

Men nou apèn kòmanse.

Jodi a, m ap anonse yon lide odasye— pran yon ansyen dwa pasaj ki pa itilize, ki mezire 22 km longè epi kreye sa n ap rele Inter-Borough Express (Eksprès Enter-Awondisman), nouvo sèvis tren ki pral konekte Brooklyn ak Queens.

M ap mande MTA pou kòmanse imedyatman yon revizyon anviwònmanal, pou nou ka fè pwojè sa a lanse sou bon chemen an epie mwen m ap mande Otorite Pòtyè (Port Authority) a tou pou deplase sou tinèl machandiz Cross-Harbor la.

Kòm mwen te di, enfrastrikti se zafè koneksyon. Nou bezwen rekonekte katye ki te koupe pa otowout asfalte yo, ki afekte kominote koulè yo nan yon fason ki pa pwopòsyonèl.

Nou pral ranvèse domaj yo te fè plis pase mwatye yon syèk pase, ak pwojè tankou Kensington Expressway nan Buffalo, I-81 nan Syracuse, Inner Loop nan Rochester, ak Cross-Bronx Expressway.

Mwen te vwayaje nan chak nan 62 konte nou yo nan chak sèt ane ki sot pase yo, kidonk mwen konnen prèske chak wout, otowout, ak pon.

Mwen gen eksperyans pèsònèl tou ak prèske chak twou nan New York - espesyalman sou Long Island Expressway la. M ap swiv yo tou.

Epi n ap fè pi gwo investisman ki te janm genyen nan enfrastrikti dijital New York la, epi n ap mete 1 MILYA dola nan konekte plis Nouyòkè ak entènèt wo debi. Investisman sa a pral ranfòse inovasyon ak kwasans ekonomik—espesyalman nan kominote ki pi adistans nou yo.

Gen yon lòt pati enpòtan nan plan nou an pou rekonstwi enfrastrikti nou an — ki se fè li pi rezistan kont chanjman klimatik la. Jis kèk jou apre mwen te fin prete sèman nan biwo a, nou te frape pa siklòn Ida. Mwen te mache nan lari ki inonde yo nan East Elmhurst, Queens, epi mwen te temwen konsekans yon kolizyon epik ant Manman Lanati ak enfrastrikti enferyè nou an, ak konsekans devastatè yo.

Se te yon rapèl serye ke gen twòp tan ki te deja pèdi nan batay kont chanjman klimatik la. Evènman sa yo pa ra ankò - pwochen evènman yo ap vini. Pa chèche pi lwen pase konte nan Nò Eta yo ki toujou ap frape pa inondasyon "500 ane" oswa tinèl yo nan Vil Nouyòk ak kominote nan Long Island yo ki toujou ap sibi reparasyon plis pase yon deseni apre siklòn Sandy te frape.

Sa a se yon menas pou fason nou viv - isit la ak kounye a - e se poutèt sa nou dwe, epi nou pral, aplike yon ajanda anbisye pou reponn ak moman sa a.

Nou te deja kòmanse ak ogmante Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal (Environmental Bond Act) la a 4 milya dola pou ale nan bilten vòt la otòn sa a pou nou gen resous nou bezwen yo.

Kounye a, m ap anonse yon investisman 500 milyon dola ki pi se yon lidè nan nasyon an nan enèji ewolyèn olaj zòn kot ki pral kreye plizyè milye travay vèt ki byen peye.

Pandan n ap devlope kapasite enèji ewolyèn nou an, epi kontinye tranzisyon nou an nan enèji pwòp, depandans nou sou konbistib fosil yo dwe elimine. Nan mwa septanm nan, mwen te anonse de mega-pwojè enèji pwòp pou mete nou sou yon chemen pou atenn objektif anbisye pou redui 80% emisyon izin elektrik Vil Nouyòk disi 2030. Nouvo konstriksyon nan Eta a pral gen zewo emisyon an 2027, epi n ap konstwi kay elektrik ki pratik pou klima, epi ankouraje machin, kamyon, ak otobis elektrik yo.

Pwoteje anviwònman nou an pèsònèl pou mwen. Mwen te fèt nan yon moman, ak nan yon plas, kote lafimen oranj te monte soti nan chemine faktori yo ki literalman bloke syèl la, ak yon odè terib ke mwen ka toujou sonje jodi a pandan y ap jete fatra toksik nan youn nan pi gwo lak dlo dous nan mond lan.

Mwen te viv antoure pa kòz chanjman klimatik yo - epi kounye a, m ap viv ak konsekans li yo.

Kounye a, pandan n ap konfwonte kriz klimatik la - nou pral abòde youn nan bezwen imen ki pi fondamantal yo, ki se pou nou santi nou an sekirite, nan lari, nan lekòl yo ak nan kay yo.

Yon lòt fwa ankò, Nouyòkè yo di m ke yo pa santi yo an sekirite, ke yo pa renmen sa yo wè nan lari yo e ke bagay yo sanble diferan kounye a - epi yo pa vin pi bon.

Li pa sèlman vil Nouyòk - se tout vil yo atravè Etazini an. Anpil faktè kontribye nan lari nou yo ke yo santi ki mwens an sekirite, tankou ogmantasyon reyèl nan vyolans ak zam nan tout peyi a depi kòmansman pandemi an.

Kounye a, sa a se pa yon retou nan moman ki te fè nwa yo nan ane 70, 80 ak 90 yo. Men, se pa mezi nou pou siksè. Nou bezwen retounen sou bon chemen an.

Nan mwa oktòb la, mwen te siyen yon pwojè lwa ki te fèmen twou vid ki genyen nan posesyon ak anrejistreman zam, sa ki fè li pi fasil pou fòs lòd yo retrase zam yo itilize nan krim yo epi anpeche trafik zam.

Epi nou te entèdi vann zam fantom yo. Alavni, nou pral double strateji pratik ki pwouve pa fòs lòd yo pou konbat vyolans ak zam. Travay ak Majistra Adams ak Gouvènè Adjwen an, ke mwen te mande pou pran latèt Administrasyon nou an, nou pral fòme yon nouvo konsòsyòm ant Lapolis Eta New York, NYPD a ak lòt ajans fòs lòd yo, ki gen ladan eta vwazen yo pou retrase zam yo itilize nan krim yo epi sispann sikilasyon zam nan Eta nou an.

Nou pral triple resous yo pou alafwa efò nou pou retrase zam nou yo ansanm ak pou pwogram kominotè ki pote siksè.

Lite kont vyolans ak zam enpòtan, men nou dwe abòde lòt faktè ki kontribiye nan malèz jeneralize ke anpil moun ap santi nan lari nou yo.

Sa enkli kriz imanite k ap dewoule devan nou an: ogmantasyon nan sityasyon sanzabri nan lari a. Nouyòkè parèy nou yo ki nan sityasyon sa a merite konpasyon nou epi y ap resevwa li - ansanm ak sipò nou.

Nou pral kreye ekip pwofesyonèl sante mantal ak travayè sosyal, ki pral fè patenarya ak travayè sansibilizasyon Vil Nouyòk yo, pou yo rive atenn moun ki sanzabri yo epi pou yo deplase yo nanabri ak nan lojman.

An menm tan, nou konnen ke sityasyon sanzabri nan lari a sèlman kont pou yon ti fraksyon nan popilasyon sanzabri a.

Odela moun k ap dòmi nan lari yo, gen plizyè dizèn milye lòt moun ki deplase antre ak soti nanabri yo pandan y ap eseye jwenn yon kote pou yo rele lakay yo epi trajikman anpil nan yo se timoun.

Nou bezwen konsantre sou abòde kòz pwofon sityasyon sanzabri bezwen sante mantal ki pa satisfè: povrete, akoutimans, ak ensekirite lojman.

Chak Nouyòkè merite aksè ak yon lojman abòdab, kit yo gen risk pou yo nan sityasyon sanzabi oswa kit yo senpleman ap lite pou peye lwaye a alè chak mwa.

Kidonk, anpil moun non sèlman ap fè fas a difikilte ekonomik fòmèdab, men doub frap la se paske pri lojman yo deja kontinye ogmante tou odela pase kapasite anpil moun, sa ki vin pi agrave sityasyon an toujou.

Se poutèt sa m ap lanse yon nouvo plan lojman senkan pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab, ki gen ladan 10,000 inite ak sèvis sipò pou popilasyon ki gen gwo risk yo, tankou jèn ki sove yo ak moun ki te ansyen prizonye yo.

Epi nou pa ka inyore sityasyon rezidan NYCHA yo ap viv nan kondisyon ki pafwa deplorab ankò. Gouvènè Adjwen an ak mwen pral travay avèk Vil New York ak Lejislati a sou aksyon konkrè sesyon sa a. Nou pral ranje tou lwa sou itilizasyon tè ki demode ki anpeche pwovizyon lojman.

Nou pral ankouraje devlopman ki oryante sou transpò piblik epi konvèsyon otèl ak biwo an lojman se yon pati tou nan estrateji lojman nou an.

Akonpli tout sa mwen te pwopoze depann sou yon sèl bagay yon ke moun nan gouvènman fè konfyans.

Atravè peyi a, konfyans nan gouvènman an ap bat rekò ki pi ba. Nou konnen poukisa. Move enfòmasyon ak manti sou rezo sosyal yo, yon divizyon patizan k ap ogmante, blokaj nan Washington menm atak kareman sou dwa pou vote.

Li vin deplizanpli difisil pou moun kwè nan ofisyèl eli pa yo nan tout nivo gouvènman an.

Kesyon an se: Kijan pou nou restore konfyans yo?

Isit la nan New York, repons nou an se demontre ak kisa bon gouvènans ak onètete sanble.

Epi nou deja anonse premye etap nou an.

N ap soumèt yon pwopozisyon bay lejislati a pou adopte de limit manda pou ofisyèl yo nan tout Eta a.

Pou gouvènman an travay, nou menm ki gen pouvwa yo pa ka kontinye rete atache ak li.

Nou bezwen kontinyelman pase mayèt la bay nouvo lidè ki gen diferan pèspektiv ak nouvo lide.

Refòm nou yo enkli yon entèdiksyon sou revni eksteryè pou ofisyèl yo nan tout Eta a paske sèl travay nou ta dwe sèvi moun New York yo

Men, se pa sèlman pati nan sistèm nan ki pa mache

Se pa sekrè ke evènman ki sot pase yo te mete an kesyon efikasite Komisyon Konjwen sou Etik Piblik (Joint Commission on Public Ethics, JCOPE) la.

Mwen pral prezante lejislasyon pou ranplase komisyon sa a ak yon nouvo òganis siveyans pou aplikasyon etik.

Youn òganis ki gen abilite reyèl. Youn ki reponn Nouyòkè yo - pa politisyen yo.

Okenn nan chanjman sa yo p ap repare gouvènman nou an toudenkou epi lè nou genyen pwoteksyon sa yo an plas, sa p ap vle di moun ki nan biwo eli yo p ap bite oswa fè erè onèt.

Men, lè nou mete refòm ki nesèsè yo an plas, nou ka omwen kòmanse retabli konfyans piblik la lè nou konsantre sou sa ki VRÈMAN enpòtan pou rezidan nou yo.

Sa ou sot tande a se jis yon echantyon nan plis pase 220 pwopozisyon ki ranpli yon liv nou ap pibliye jodi a.

Yon akonplisman ki toutafè ekstrawòdinè ki teni kont 134 jou nou yo nan pozisyon an.

Epi mwen felisite anplwaye k ap travay di ki te ede m fòme ajanda sa a—mwen fyè dèske m gen ekip ki gen plis talan ke Eta New York janm genyen.

Anvan nou kite isit la pou nou al travay.

Mwen vle fè yon ti poz pou m reflechi sou istwa inik Eta nou an ak desten ki alonje devan nou an.

Depi nan konmansman li an, peyi nou an te atire moun atravè mond lan, pou chèche yon ideyal ki te fè li vo lapèn pou kite peyi natal yo.

De mo senp: Rèv Ameriken an.

Epi nan pouswit sa a, dè milyon moun te rive isit la, vin jwenn nou.

New York te toujou vle di pwomès yon lavi miyò, pou moun ki imigre atravè Ellis Island, ki sove pou esklavaj nan Sid la, oswa ki reyentegre isit la kòm refijye soti nan Afganistan.

Eta nou an rekonèt nasyonalman kòm bèso mouvman pou egalite ak pwogrè, mouvman travayè, mouvman dwa fanm yo, mouvman LGBTQ+, mouvman anviwònman an, mouvman jistis rasyal, yo tout te kòmanse ISIT pa Nouyòkè eklere yo.

Nou atire pi bon an, pi klere a ak pi odasye. Nou anbrase epi selebre divèsite rasyal, etnik ak sèks, kilti ak amizman, kote yon sèl mo tankou Broadway di tout bagay.

Kote bote san parèy Niagara Falls, Adirondacks, Jones Beach, Finger Lakes, Erie Canal ak Hudson River Valley

Ak grandè orizon Vil New York ki klere nan lannwit, li mayifik

Se sa nou ye e nou fyè de li, gadyen flanbo mouvman pase yo. Gadyen trezò natirèl yo konfyè nou ak vizyonè yo ki pral mennen Eta nou an alavni avèk kouraj ak konfyans.

Menmsi nou ka enpafè, Nouyòkè yo te toujou pran risk, antreprenè yo, inovatè yo, konstrikte yo, nouvo imigran yo, etidyan yo, vrè kwayan yo ak rèvè yo, ki konnen vrèman gen yon sèl New York.

Konpatriyòt Nouyòkè mwen yo, manm lejislati a, lè a rive pou yon nouvo Rèv Ameriken.

Yon vèsyon KI pi bon, pi jis, ki pi enklizif ke mwen rele rèv New York la.

Paske New York se pa sèlman yon kote, tankou lòt eta yo li se yon ideyal tou.

Yon eta ki reprezante eksitasyon, enèji, ak posiblite san fen.

Menm jan nou te enspire pa istwa gwo Nouyòkè yo te kite pou nou an ki te dirije mouvman jistis sosyal nasyon nou an ak lidè yo tankou FDR, ki te ede nou travèse yon kriz ak yon men kalm, ki fèm, se konsa tou listwa pral retounen sou tan pa nou an.

Fason yo jije nou pral detèmine pa sa nou fè isit la, kounye a.

An nou pwofite moman sa a avèk anpil konfyans ak optimis.

Epi kreye yon eritaj akonplisman ki pral dire pou toutan, Yon Nouvèl Epòk pou New York.

Epi se pou Bondye beni pèp gran Eta New York la ak Nasyon nou an.

Mèsi.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)